



PWOBLÈM LA

Lwa sou Pwoteksyon Viktim Trafik (Trafficking Victims Protection Act, TVPA) nan lane 2000 defini trafik mendèv kòm “rekrutman, ebèjman, transpò, pwovizyon oswa obtansyon yon moun pou travay oswa sèvis, grasa itilizasyon lafòs, fwod oswa koèsyon (pressyon) pou soumèt li nan sèvitid envolonètè, peonaj, sèvitid pou dèt oswa esklavaj.” Nan Florida, koèsyon pa obligatwa pou trafik timoun ki poko gen 18tan (minè) (787.06(3) FS).

REZIME

Trafik mendèv se yon tip de trafik moun kote moun dwe fè travay oswa bay sèvis pa lafòs, fwod oswa koèsyon. Biwo Trafik Moun la deklare sèten tip gen ladann sèvitid pou dèt, travo fòse ak travay envolonètè timoun. Sa ka gen ladann sèvitid domestik, travayè agrikòl k ap rekòlte anba menas oswa vyolans oubyen travayè faktori yo fòse travay nan kondisyon orib pou tikras kòb oubyen yo pa peye ditou.

- Mendèv sèvil oswa sèvitid pou dèt rive lè yon travayè dwe travay pou reapeye yon prè oswa yon sèvis kote viktim la pa gen okenn chans pou li janm reapeye prè a. Yo faktire viktim la manje, lwaye ansanm ak nenpòt lòt depans pou viv toulejou. Imajine w ap eseye peye yon prè machin men balans lan pa janm bese; li ogmante chak fwa ou mete gaz oubyen chak fwa ou voye machin la fè yon sèvis.
- Travay fòse se lè yo fòses viktim yo travay kont volonte yo, etan y ap menase yo ak vyolans oswa pinisyon. Nou tout konnen fraz: “se pa nan deksripsyon djòb mwen” lè yo mande nou fè bagay nou pa t okouran oubyen nou p at aksepte fè lè nou te pran travay la. Travayè yo ki eksplwaye nan travay fòse pa ka rezife ni jwenn èd.
- Trafik mendèv timoun enplike fòs, fwod ak koèsyon epi sa gendwa konsène pitit moun ki imigran tou. Si ou bay pitit ou kichòy pou fè ti djòb nan kay la, se pa travay fòse envolonètè li ye, men si yon lòt moun fòse pitit ou travay, epi ou pa gen okenn kontwol ni otorite, se travay fòse konte volonte.

KISA POU FÈ

Fè rapò bay Pwojè Polaris Nimewo gratis pou Trafik Moun
1-888-373-7888

BeFree Textline Tekste “BeFree” bay 233733

Ekip Entèvansyon Konte Palm Beach Trafik Moun
Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou patisipe
nan yon fòmasyon
(561) 687-6838

Nimewo Depatman Timoun ak Fanmi pou timoun ki
poko gen 18tan:

1-800-96-ABUSE (1-800-962-2873)

Sèvis Viktim Konte Palm Beach
(561) 833-7273 (24/7)

Charite Katolik Diyosèz Palm Beach
Pwogram Otonomizasyon Bakihta
(561) 345-2008

RESOUS YO

Nimewo Nasyonal Trafik Moun
[https://humantraffickinghotline.org/
type-trafficking/labor-trafficking](https://humantraffickinghotline.org/type-trafficking/labor-trafficking)

Depatman Etazini pou Sante ak Sèvis Imen
Biwo pou Trafik Moun
[https://www.acf.hhs.gov/archive/otip/fact-sheet/
fact-sheet/labor-trafficking-english](https://www.acf.hhs.gov/archive/otip/fact-sheet/fact-sheet/labor-trafficking-english)

Depatman Deta Etazini-Biwo Afè Konsilè
[https://travel.state.gov/content/travel/en/us-visas/
employment/temporary-worker-visas.html](https://travel.state.gov/content/travel/en/us-visas/employment/temporary-worker-visas.html)

Endikatè Trafik Moun Sekirite Teritwa
(Homeland Security)
[https://www.dhs.gov/blue-campaign/
indicators-human-trafficking](https://www.dhs.gov/blue-campaign/indicators-human-trafficking)

Trafik Mendèv Timoun HEAL Trafik: Health, Education,
Advocacy, Linkage (Sante, Edikasyon,
Defans dosye, Lyen)
<https://healtrafficking.org/child-labor/>

*Pwojè sa a se Sibvansyon N° 2019-VT-BX-K018 ki sipòte l ke Biwo Viktim Zak Kriminèl
finanse. Biwo pou Viktim Zak Kriminèl la fèpati de Biwo Pwogram Lajistis Depatman
Lajistis la, sa ki gen ladann tou Biwo Estatistik Lajistis, Enstiti Nasyonal Lajistis,
Biwo Jistis Jivenil ak Pevansyon Delenkans, Biwo Asistans Jiridik ak Biwo SMART.
Pwendvi oswa opinyon nan dokiman sa a se otè(yo) ki make yo epi yo pa fòman
reprézante pozisyon ofisyèl ni politik Depatman Lajistis Etazini.*

Si ou pa kapab li dokiman yo, tanpri kontakte PBSO
nan **561-688-3080** pou mande yon lòt fòma.

PBSO #0335CR Rev. 06/21

TRAFIK MENDÈV



BIWO Cherif Konte Palm Beach
Ric L. Bradshaw, Cherif

TIP TRAFIK MENDÈV

Daprè yon etid Pwojè Polaris la ki baze sou kouffil nan Nimewo Nasyonal Trafik Moun lan, an 2019 3 pi gwo sektè ki gen trafik mendèv nan Florida, se te:

1. Agrikilti ak Elvaj Bèt
2. Travay domestik nan kay
3. Ekip vant k ap deplase

Machandiz ak sèvis nou konsidere ki nòmal gendwa chè anpil pou moun yo fòse travay kont volonte yo san pwoteksyon pou salè ekitab ak kondisyon ki imen. Sa ka rive nenpòt kote, men paske li antoure ak yon vwa sekre ak silans, yo gendwa pa konprann trafik mendèv ki ka envizib tou. Sa fè li pi difisil pou otorite yo, lapolis ak piblik la pou detekte li, menmsi l ap fèt anba zye nou.

- Souvan yo kenbe viktim yo izole epi trafikman yo ap siveye oswa fè lagad.
- Yo gendwa te “antrene yo” pou reponn kesyon epi trafikman an souvan kenbe dokiman idantite/vwayaj yo nan men li.
- Viktim ki fèt aletranje gendwa viktim chantaj trafikan yo ki itilize sityasyon yo antanke imigran san papye oswa patisipasyon yo nan yon sektè aktivite ki ‘ilegal’.
- Trafikan yo fòse viktim ki fèt aletranje yo pa di anyen paske yo menase pou denonse yo bay lapolis oswa ofisyèl imigrasyon yo. Souvan, lang la anpeche viktim ki fèt aletranje yo kominike.
- Yo pa gen dwa prive timoun ki fèt aletranje yo de bezwen esansyèl yo, epi timoun yo travay pou voye lajan lakay yo bay fanmi yo. Pafwa, solisyon nou yo pa solisyon pa yo, si yo anpeche yo travay pou ede fanmi yo. Timoun sa yo gendwa fache epi sove de kote an sekirite nou te mete yo epi timoun yo gendwa refize entèvansyon pou ede yo.

PREVALANS

Ant 7 desanm 2007 ak 31 desanm 2016, Polaris la ki te jere Nimewo Nasyonal pou Trafik Moun te resevwa 32,208 ka trafik moun posib epi 10,085 ka posib eksplwatasyon travay Ozetazini. Pi gwo kategori pou trafik mendèv gen ladann travay domestik nan kay, ekip vant k ap vwayaje, sèvis restoran ak manje, kòlpoète epi mandye, agrikilti ak elvaj bèt, sante ak bote epi konstriksyon. Nan yon klasman pou 10 Eta ki genplis trafik moun yo, Florida te klase #3, apre California ak Texas.

Done 2019 Polaris endike 5 pigwo tip lafòs, fwid oswa koèsyon pou ane sa a, se te: 1) kenbe salè/ lajan travay, 2) twòp èdtan travay, 3) menase pou denonse opre imigrasyon, 4) abi vèbal epi 5) pa bay/ refize bezwen.

Prèske lamwatye nan viktim trafik mendèv yo rapòte bay Nimewo Nasyonal la pandan peryòd la ant 1ye janvyè 2015 ak 31 desanm 2017, sityasyon imigrasyon yo se te sitwayen etranje ki te gen viza legal.

Moun ki vin la a ak yon Viza, tankou yon H-2A (Agrikilti) oswa H-2B (Pa agrikilti) gendwa vilnerab pou trafikman yo. Nan Konte Palm Beach la, yo gendwa oblije ale nan anvwonman riral epi yo kenbe lwen moun ki ka ede yo. Anpil te vini Ozetazini pou chèche yon lavi miyò, epi souvan, yo te vle fè lajan pou voye bay fanmi yo nan peyi yo. Sa yo jwenn lè yo rive isit se ka yon trafikman k ap eseye kontwole ak eksplwate yo.

Yon moun ki esponsòrizè ki gen yon Viza G-5 (Anplwaye domestik) anba kontwol esponsò li. Yo pa kapab travay pou yon lòt moun ni kite travay la, sinon yo pral depòte yo. Sou-kontraktiyèl nan yon sektè aktivite patikilye gendwa anboche ni travayè ki gen papye ni sa yo ki pa gen papye. Sou-kontraktiyèl yo gendwa ap komèt zak ki ilegal, men yo vizib epi pèsòn pa detekte ni envestige yo.

STOP TRAFIK MOUN

KISA OU TA DWE VEYE

- Èske moun lan pè, timid oubyen soumi?
- Èske moun lan gen siy yo te anpeche li jwenn manje, dlo, tan pou dòmi oswa swen medikal?
- Èske moun lan souvan avèk yon lòt moun ki sanble li an kontwol de sityasyon an, tankou kikote yo ale, ak kimoun yo ka pale epi ki pale nan plas yo?
- Èske moun lan sanble yo antrene sou sa li dwe reponn?
- Èske moun lan sanble li pa gen yon sityasyon ki estab oswa posesyon pèsònèl?
- Èske moun lan kapab ale-vini jan li vle a? Èske gen mezi sekirite ki ekstrèm?

Pandan aktivite toulejou w yo, fè atansyon kote ou ale ak sa ou wè. Egzanp, si ou wè sa ki sanble yon zòn kote moun dòmi nan yon salon masaj oswa salon pou fè zong, se ka yon siy trafik. Si timoun ap vin sone nan pòt ou pou eseye vann atik oswa abònman nan magazin, èske yo nan yon ekip vant ki trafike? Èske konpayi lennskeping ou wè nan kominote w lan ofri kondisyon travay ki san danje pou anplwaye yo? Nan yon otèl, èske anplwaye yo ki netwaye chanm yo ap viv sou pwopriyete a san yo pa gen oenn mwayen pou kite epi yo pa garanti yo peman ak estanda travay ki ekitab?

